

## FISH TEKNIK

# JESYON RAJE NAN JADEN MAYI

J.A. Ferrell, G. E. MacDonald, and R. Leon<sup>1</sup>

Ludger Jean Simon<sup>2</sup>

Siksè nan kontwòle raje se yon bagay ki esansyèl pou plantè ka rive fè pwofi nan pwodiksyon mayi an Ayiti. Raje yo redwi randman jaden mayi pandan yap fè konpetisyon pou dlo, eleman ki nan tè a ak limyè pandan mayi a ap devlope epi tou yo entèfere ak rekòt la. Pwodwi yon bèl jaden mayi ki reyisi se sèlman mwaye batay la epi tou sa pap rapòte okenn pwofi amwens ke ou ka rekòlte mayi a. Raje ki pouse nan jaden nan fen sezon an kapab lakòz gwo pèt nan rekòt la, operasyon ki fèt avèk ekipman kapab mwen efisyan epi tou yo se yon sous semans raje pou sezon aprè a. Nou kapab kontwòle raje nan jaden mayi; men sa mande bon pratik jesyon nan tout faz pwodiksyon mayi a.

### Wotasyon Kilti

Wotasyon kilti bon non sèlman pou redwi pwoblèm raje nan jaden mayi, men tou pou jaden ki pral vini aprè nan wotasyon an. Lòt benefis ankò se diminyon pwoblèm ensèk, maladi ak nematod nan jaden mayi epi tou jaden kap vin aprè. Gen raje ou jwenn pi souvan nan kèk kilti pase lòt. Lè nou plante menm kilti a san kanpe sa favorize kèk raje pouse epi yo domine espas la amezi tan ap pase. Wotasyon kilti lakòz yon chanjman nan anviwònman an epi konsa tou kase sik devlopman raje yo.

### Konpetisyon Kilti

Konpetisyon kilti se yonn pami zouti ki pi enpòtan men pa souvan bal twòp enpòtans nan kontwòl raje. Yon jaden mayi ki byen tabli, ki leve rapid epi tou ki inifòm, epi tou ki bay lonbray sou sòl la ozalantou pye mayi a bonè, sa enpòtan anpil pou diminye konpetisyon raje yo. Sa mande pou nou itilize bon pratik jesyon, tankou chwazi yon varyete ki adapte, bon fètilite, kenbe sòl la nan yon bon nivo pH epi itilize popilasyon plant ki adekwa. Itilize bon pratik jesyon sa yo nesèsè pou nou ka rive kontwòle raje yo epi jwenn bon randman nan jaden mayi. Plant ki leve epi ki grandi pi vit la se jeneralman plant sila a ki pral gen avantaj konpetitif la; se sak fè



Figi 1. Travayè kap sakle yon jaden mayi nan Monwi, Ayiti. (Foto kredi: Centre Rural de Développement Durable de Montrouis)

<sup>1</sup> J. A. Ferrell, pwofesè, Depatman Agwonomi; G. E. MacDonald, pwofesè, Depatman Agwonomi; ak R. Leon, asistan pwofesè, University of Florida/Institute of Food and Agricultural Sciences West Florida Research and Education Center, Milton, FL; UF/IFAS Extension, Gainesville, FL 32611.

<sup>2</sup> Ludger Jean Simon, responsab pwojè mayi nan pwojè Feed the Future Haiti AREA, te adapte dokiman sa a en Desanm 2019. Dokiman SS-AGR-02 sa a base sou yon seri piblikasyon ki sòti nan Depatman Agwonomi, UF/IFAS Extension. Piblikasyon dokiman original la te fèt en Janvyè 2000 epi li te revise nan mwa Janvyè 2015.

nou dwe fè tout sa ki posib pou asire nou se mayi a- epi non raje a- ki gen avantaj konpetitif la. Plantè a bezwen konprann fason kilti a devlope an relasyon avèk raje a. Li toujou pi bon pou nou retire raje bone nan jaden nou olye nou retire yo byen ta aprè yo fin byen etabli. Yon lòt fason ankò nou ka favorize konpetisyon kilti a se nan jere dansite plantasyon ak angrè. Yon fòt dansite plant kapab anpeche raje pouse. Lè nou byen aplike angrè, jaden an pouse avèk fòs, epi tou li kapab goumen pi byen ak raje yo. Finalman, lè nou itilize bon kalite semans sa garanti jaden nou byen etabli epi tou plant yo gen plis fòs, sa ki bay kilti a yon avantaj konpetitif sou raje a grenmesi kwasans la devlopman rapid li. Semans nap plante a pa dwe gen grenn raje ladann paske lèw itilize semans ki kontamine se yon metòd ki pi komen pou nou disemine grenn raje yo.

### **Plant kouvèti**

Lè nou itilize plant kouvèti tankou pwa vèlvèt, kanavalya, sunnhemp, sa anpeche raje pouse akòz kouvèti lonbray yo fòme. Anplis de sa, plant kouvèti yo amelyore fètilite sòl la paske yo ajoute matyè òganik nan sòl la epi tou yo fikse azòt ki nan lè a.

### **Aprann Konnen Raje w Yo**

Ou dwe konnen ki espès raje ki nan jaden w pou w ka chwazi metòd kontwòl ki pi efikas pou pwoblèm pa w la. Jeneralman, lè yon plantè deside itilize aplikasyon èbisid anvan plantasyon osinon anvan emèjans, li dwe prevwa davans ki espès raje ki pwoblèm nan paske raje a pap ko leve nan moman lap fè aplikasyon an. Pi bon fason pou w fè sa se lè w idantifye ki raje ki te genyen epi tou ki kote yo te plis konsantre sou tèren an pandan sezon ki pase a. Si nou te kapab rele yon “kat raje” osinon “kat distribisyon raje”. Kat sila a kapab gen anpil itilite pou rafreshi memwa w pandan pwochen sezon plantasyon mayi a, epi tou edew pran pi bon desizyon sou ki kontwòl chimik pou w itilize. Si w deside itilize èbisid pou kontwole raje nan jaden w ou dwe li epi swiv preskripsyon ki sou etikèt la.

### **Saklaj**

Saklaj se jiskaprezan yon metòd kontwòl raje ki bon epi tou ki ekonomik. Pratik kilti sila retire raje yo nan tè a epi li kreye yon milye ki favorab pou jaden an byen devlope. Gen kèk lòt benefis nou te kapab di saklaj la pote anplis kontwole raje, men saklaj la gen dezavantaj li tou. Saklaj la kapab kontrarye rasin mayi a, ogmante evaporasyon dlo nan sòl la, epi tou detere plis grenn raje mete yo alè pou yo jèmen. Konsa, si nou rive fè yon bon kontwòl raje ak èbisid, nou ta dwe poze tèt nou kesyon si nou toujou bezwen laboure.

### **Ebisid**

Ebisid se yonn pami zouti ki pi efikas pou nou reyisi byen kontwole raje nan jaden mayi. Lè nou aplike èbisid anvan plantasyon osinon anvan emèjans, an konbinezon ak lòt pratik nou te diskite deja yo, sa enpòtan pou mayi a gen yon avantaj konpetitif depil fèk leve. Si pye mayi a gentan pi wo pase raje yo, ou ka fè yon aplikasyon aprèleve ki dirije pou w ka etann kontwòl raje a sou tout sezon an. Si raje yo menm wotè ak pye mayi a, sa vle di opsyon sila pa posib. Ou ka fè yon aplikasyon “over-the-top” nan fen sezon an pou fasilite rekòt la, byen ke pi souvan sa pap nesese siw te fè yon bon kontwòl pandan tout sezon an epi si w rekòlte mayi w a tan, yon fwa l rive a matirite.

Lè wap chwazi yon èbisid, ou dwe konsidere ki kilti ki pral vini aprè nan wotasyon an epi tou si èbisid la pral kite rezidi ki kapab koze domaj sou kilti kap vini aprè a. Se pou w li etikèt la epi swiv tout preskripsyon ak mezi prekosyon yo. Li enpòtan pou nou byen kalibre pilverizatè a. Si dòz la twò fèb nou pap byen kontwole raje yo epi tou yon dòz ki twò wo kapab lakòz dega nan jaden an osinon kite rezidi ki kapab afekte jaden nou pral mete

aprè mayi a. Nou ta dwe manipile èbisid lan ak anpil swen, menm jan ak nenpòt lòt pestisid. Estoke èbisid nan kabinèt ki gen pòt ki fèmen ak kadna, nan resipyan orijinal ki gen etikèt yo entak. Yo pa dwe estoke menm kote ak semans, angrè, ni tou lòt pestisid.

### **Kontwòl raje nan jaden mayi zewo labouraj**

Nan sistèm pwodiksyon mayi zewo labouraj, li pa nesesè pou nou laboure anvan nou plante. Kouvèti vejetal residi jaden ki te la anvan an rete sou tè a. Kouvèti sila a retade jèminasyon epi devlopman raje yo. Grenn raje ki rete sou po tè a pèdi vyabilite yo pi vit pase sila yo ki nan tè a.

Menm si èbisid se pi souvan metòd ki pi efikas pou kontwòle rajen nan jaden mayi, li pa toujou yon garanti. Plantè a dwe asirel li byen konnen ki espès raje ki bay pwoblèm nan jaden pal la epi eseye lòt opsyon tankou plante varyete mayi amelyore, wotasyon kilti, epi saklaj-binaj.

### **Konsiderasyon enpòtan**

Prevansyon se estrateji pou kontwòle raje nan jaden mayi. Li mwens posib pou raje etabli nan pasèl la si nou pat pèmèt yo enfeste jaden nou epi pwodwi grenn. Raje difisil epi tou sa koute anpil pou kontwòle yo yon fwa yo fin etabli. Si grenn yon raje ka rete an dòmans nan sòl la, raje sila ka pèsiste pandan anpil lane. Yonn pami metòd kontwòl prevantif raje yo se itilize semans mayi ki pa gen okenn grenn raje ladan.

Men kèk lòt bon pratik ki ka ede nou evite pwoblèm raje nan jaden mayi nou:

- Pa deplase bèt soti dirèkteman nan yon pasèl ki enfeste al nan yon lòt ki pa enfeste
- Anvan nou aplike fimyen nan jaden nou, asire nou fimye sila pa gen grenn raje ki vyab
- Enspekte pepinyè yo pou pezens grenn raje
- Byen kontwòle raje nan kanal irigasyon, kloti lentouraj, arebò wout, epi tout lòt teren ki pa gen jaden sou yo.